

Kesyon Moun PozeSouvan (Haitian Creole)

Enfòmasyon sou pwogram lan

1. **Kisa Fair Fares NYC ye?**
2. **Kijan Fair Fares NYC fonksyone?**

Ki Moun ki Elijib

3. **Kiyès ki elijib pou patisipe?**
4. **Kounye a m ap patisipe nan pwogram rabè pou andikap oswa pwogram rabè MetroCard pou moun aje MTA a. Èske mwen toujou elijib pou Fair Fares NYC?**
5. **Èske sitiwayon m ak imigrasyon afekte kapasite m pou patisipe nan Fair Fares NYC?**

Fason pou Aplike ak Resevwa Rabè Fair Fares NYC Pa w la

6. **Kijan mwen kapab aplike pou yon rabè Fair Fares NYC?**
7. **Kijan pou m konnen si yo apwouve aplikasyon m lan?**
8. **Pandan konbyen tan m ap elijib pou m patisipe nan pwogram Fair Fares NYC a depi yo apwouve mwen?**
9. **Kilè mwen pral resevwa Fair Fares NYC MetroCard mwen an?**
10. **Yo te apwouve m pou Fair Fares NYC men m pa t jwenn li nan lapòs. Kisa mwen ta dwe fè?**
11. **Mwen gen pwoblèm pou m ale sou sitwèb nyc.gov/accessfairfares lan, kijan mwen ka jwenn èd?**
12. **Mwen bezwen èd pou m ranpli aplikasyon Fair Fares NYC a. Kiyès ki kapab ede m?**
13. **Mwen resevwa lèt nan yon Bwat Postal Jeneral. Kijan mwen kapab resevwa Fair Fares MetroCard mwen an?**
14. **Kijan pou m mete adrès postal mwen ajou?**
15. **Yo refize aplikasyon Fair Fares NYC mwen an. Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

Fason pou Soumèt Dokiman yo ak Lòt Kesyon Ki Gen Rapò ak yo

16. **Ki dokiman mwen pral bezwen pou m verifye laj mwen, rezidans ak revni mwen nan Vil New York?**
17. **Kijan pou m soumèt dokiman pou aplikasyon m lan?**
18. **Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men sa pa te mache. Kijan mwen kapab jwenn èd?**
19. **Kijan pou m konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?**
20. **Èske gen yon dat limit pou m soumèt dokiman m yo?**
21. **Kisa k ap rive si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè?**

Fason pou itilize Fair Fares NYC MetroCard ou a

22. **Èske yon fanmi m oswa yon zanmi m kapab sèvi ak Fair Fares NYC MetroCard mwen an?**
23. **Èske mwen kapab itilize Fair Fares NYC MetroCard mwen nan tout sistèm transpò piblik Vil New York yo?**
24. **Èske mwen kapab mete valè ak tan sou Fair Fares NYC MetroCard mwen an menm tan?**
25. **Kijan mwen kapab renouvle enskripsyon mwen pou Fair Fares NYC?**
26. **Kisa k ap pase si Fair Fares NYC MetroCard mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou?**

Pèdi Elijibilite

27. **Mwen te resevwa yon avi ki di enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa elijib ankò epi mwen panse te gen yon erè. Ak ki moun mwen kapab pale?**
28. **Konbyen tan mwen genyen pou m mande yo egzamine desizyon ki pran sou elijibilite mwen?**
29. **Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ki di yo te dezaktive Fair Fares NYC MetroCard mwen akòz move itilizasyon oswa aktivite fwòd?**

Kat ki Pèdi oswa yo Vòlè

30. **Kisa pou m fè si Fair Fares NYC MetroCard mwen an pèdi oswa yo vòlè li?**
31. **Kijan pou m mande yon ranbousman si kat mwen an pèdi oswa si yo vòlè li?**
32. **Konbyen fwa mwen kapab ranplase Fair Fares NYC MetroCard mwen ki pèdi oswa yo vòlè?**

Kat ki Abime, Ki Pa p Fonksyone, oswa ki Pèdi nan Distribitè Otomatik MetroCard la

33. Fair Fares NYC MetroCard mwen an abime oswa li pa fonksyone. Kisa pou m fè?
34. Fair Fares NYC MetroCard mwen an te pèdi nan yon Distribitè Otomatik MetroCard. Kisa pou m fè?

Renouvèlman

35. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon Fair Fares NYC mwen an?
36. Èske yo pral fè mwen konnen ki lè mwen bezwen renouvle?
37. Kijan pou mwen renouvle enskripsyon m nan pwogram Fair Fares NYC a?
38. Èske gen yon dat limit pou m renouvle?
39. Kisa k ap rive si mwen rate dat limit pou m renouvle a?
40. Kijan pou m konnen si mwen toujou kalifye pou Fair Fares NYC?
41. Kijan pou m mete adrès mwen ajou, oswa nenpòt enfòmasyon ki te chanje ane pase?
42. E si nouvo adrès mwen an pa nan Vil New York?
43. Ki dokiman mwen bezwen pou mwen soumèt aplikasyon renouvèlman mwen an?
44. Kilè mwen pral resevwa yon nouvo Fair Fares NYC MetroCard?
45. Èske mwen pral kapab kontinye sèvi ak MetroCard Fair Fares NYC aktyèl mwen an depi yo apwouve aplikasyon renouvèlman mwen an, si mwen poko resevwa nouvo kat la?

Kat ki Ekspire

46. Kijan pou m konnen lè MetroCard mwen an ekspire?
47. Èske mwen kapab itilize yon MetroCard ki ekspire si gen lajan sou li toujou?
48. Kijan pou mwen mande yon ranbousman pou nenpòt lajan ki rete sou FFNYC MetroCard mwen an ki ekspire?
49. Èske lajan ki sou Fair Fares NYC MetroCard mwen an kapab transfere?
50. Èske mwen kapab transfere lajan ki sou yon MetroCard regilye nan Fair Fares MetroCard mwen an?
51. Èske distribitè otomatik MTA a pral mande m chanje Fair Fares NYC MetroCard mwen an si l ap ekspire byento, tankou li fè ak MetroCard regilye yo?
52. Èske mwen ka pote toude Fair Fares NYC MetroCard yo, sa ki ekspire a ak nouvo an bay ajan kyòs la pou li transfere rès kòb la?
53. Èske mwen oblije remèt Fair Fares NYC MetroCard ki ekspire a?
54. Èske mwen kapab ajoute yon aksè san limit chak semèn oswa chak mwa sou MetroCard mwen an si li prèske ekspire?

Enfòmasyon sou Pwogram lan

1. Kisa Fair Fares NYC ye?

Fair Fares NYC se yon pwogram Minisipal ki kreye pou ede rezidan New York ki gen ti revni yo jere depans pou transpò yo. Gras ak rabè Fair Fares NYC a, rezidan vil New York ki kalifye yo ap jwenn rabè 50 pousan pou peye tikè metwo ak bis ki kalifye yo. Fair Fares kapab fè w peye mwaye pri sou depasman ou fè nan sèvis transpò espesyalize MTA Access-A-Ride.

[Retounen Anwo](#)

2. Kijan Fair Fares NYC fonksyone?

Fair Fares NYC pèmèt ou resevwa yon rabè 50% sou pri depasman nan metwo ak pri kous bis ki elijib yo oswa pri depasman Access-A-Ride yo.

Metwo ak Bis yo

Ak Fair Fares NYC MetroCard ou a, ou pral kapab pran metwo ak otobis ki elijib yo pou mwaye pri! Tout opsyon pay-per-ride (pèman trajè senp), san limit pou yon semèn ak san limit pou yon mwa yo disponib nan Fair Fares NYC.

Si ou aplike pou Fair Fares NYC epi ou elijib pou li epi ou chwazi rabè sou metwo ak bis, Vil la ap ba ou yon Fair Fares NYC MetroCard. Fair Fares NYC MetroCard ou resevwa a p ap gen okenn tan oswa valè sou li. Ou dwe ajoute tan oswa valè sou Fair Fares NYC MetroCard ou a kou ou resevwa li.

Lè ou ajoute tan sou Fair Fares NYC MetroCard ou a, yo pral fè ou peye mwaye pri aktyèl la pou opsyon san limit chak semèn oswa chak mwa a.

Lè ou ajoute valè, ou pral ajoute kantite lajan ou chwazi a sou kat ou an epi bwat pou pri kous otobis la oswa pòt daksè metwo a ap retire mwaye pri kous aktyèl la. Sa vle di, si ou ajoute \$10.00 dola sou Fair Fares NYC MetroCard ou a, ou pral gen tout \$10.00 a sou Fair Fares NYC MetroCard ou a. Chak fwa ou pase kat ou a, yo pral fè ou peye sèlman mwaye pri aktyèl la pou yon trajè senp.

Ou kapab itilize lajan kach nan kabin estasyon metwo yo, epi ou kapab itilize lajan kach, kat debi, kat kredi, oswa kat EBT w la nan machin otomatik MetroCard MTA yo pou ajoute tan oswa valè sou Fair Fares NYC MetroCard ou a. Machin otomatik MTA yo nan estasyon metwo yo toupatou nan Vil la.

[Retounen Anwo](#)

Access-A-Ride

Kliyan Access-A-Ride yo pa sèvi ak yon Fair Fares NYC MetroCard; yo aplike rabè yo otomatikman!

[Retounen Anwo](#)

Ki moun ki Elijib

3. Kiyès ki elijib pou patisipe?

Moun ki abite nan Vil New York (NYC) yo gendwa elijib pou Fair Fares NYC si:

- Yo gen ant 18 ak 64 lane (moun 18 ak 64 lane ladan tou);
- Yo nan yon kay ki satisfè kritè pou revni pou pwogram Fair Fares NYC a;
- Yo p ap benefisye kous machin konplè pou transpò nan Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services/Human Resources Administration, DSS/HRA) oswa nenpòt lòt ajans Vil New York; epi,
- Si yo chwazi rabè metwo ak otobis Fair Fares NYC, yo p ap patisipe aktyèlman oswa yo pa elijib pou patisipe nan okenn lòt pwogram rabè transpò.

[Retounen Anwo](#)

4. Kounye a m ap patisipe nan pwogram rabè pou andikap oswa pwogram rabè MetroCard pou moun aje MTA a. Èske mwen toujou elijib pou Fair Fares NYC?

Ou pa elijib pou rabè metwo ak otobis Fair Fares NYC si w ap patisipe oswa ou elijib pou ou patisipe nan lòt pwogram pri kous redui MTA yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram sa yo nan <http://web.mta.info/nyct/fare/rfindex.htm>. Si w ranpli kritè elijibilite pou Fair Fares NYC, ou ka toujou elijib pou rabè Fair Fares NYC sou pri kous Access-A-Ride yo.

[Retounen Anwo](#)

5. Èske sitiyasyon m ak imigrasyon afekte kapasite m pou patisipe nan Fair Fares NYC?

Fair Fares NYC pa pral poze ou kesyon sou sitiyasyon w ak imigrasyon ni anrejistre okenn enfòmasyon konsènan sitiyasyon ou.

[Retounen Anwo](#)

Fason pou Aplike ak Resevwa Rabè Fair Fares NYC Pa w la

6. Kijan mwen kapab aplike pou yon rabè Fair Fares NYC?

Tout moun ki abite nan Vil New York yo kapab aplike pou yon rabè Fair Fares NYC. Ale nan nyc.gov/accessfairfares pou jwenn plis enfòmasyon epi pou aplike.

Yo ka mande pou ou bay enfòmasyon pèsònèl konsènan:

- Idantite ou;
- Kote ou rete; ak
- Revni ou.

Yo ka mande w soumèt dokiman sipò. Tanpri ale nan nyc.gov/fairfares pou wè yon lis dokiman ki ka nesesè.

Retounen Anwo

7. Kijan pou m konnen si yo apwouve aplikasyon m lan?

Depi ou te soumèt aplikasyon ou an epi ou telechaje pou transmèt tout dokiman obligatwa yo, tanpri bay jiska 30 jou pou yo egzamine aplikasyon w lan. Ou ka konekte nan kont nyc.gov/accessfairfares ou pou tcheke nan ki pwen aplikasyon ou an ye. Depi yo fin egzamine aplikasyon w lan, ou pral resevwa yon avi pa lapòs.

Retounen Anwo

8. Pandan konbyen tan m ap elijib pou m patisipe nan pwogram Fair Fares NYC a depi yo apwouve mwen?

Ou pral elijib pou yon (1) lane apati dat yo apwouve aplikasyon w lan, toutotan ou kontinye ranpli kritè pou elijib yo.

Retounen Anwo

9. Kilè mwen pral resevwa Fair Fares NYC MetroCard mwen an?

Depi yo fin apwouve aplikasyon w lan, tanpri bay 2 a 3 semèn pou yo livre ou Fair Fares NYC MetroCard ou a nan lapòs pa mwayen Sèvis Postal Etazini. Si w te chwazi rabè Access-A-Ride la, ou pa p resevwa yon MetroCard.

Retounen Anwo

10. Yo te apwouve mwen pou yon Fair Fares NYC MetroCard men mwen pa te resevwa li nan lapòs. Kisa mwen ta dwe fè?

Si sa gen plis pase 3 semèn depi yo apwouve ou, epi ou pa resevwa Fair Fares NYC MetroCard ou, tanpri rele 311 oswa fè konnen ou pa t janm resevwa kat ou an sou Access HRA.

[Retounen Anwo](#)

11. Mwen gen pwoblèm pou m ale sou sitwèb nyc.gov/accessfairfares lan, kijan mwen ka jwenn èd?

Si ou gen pwoblèm teknik avèk nyc.gov/accessfairfares tanpri voye yon imèl bay AccessHRAhelpdesk@hra.nyc.gov oswa rele 311 pou jwenn èd.

[Retounen Anwo](#)

12. Mwen bezwen èd pou m ranpli aplikasyon Fair Fares NYC a. Kiyès ki kapab ede m?

Ale nan youn nan biwo Fair Fares NYC yo, epi anplwaye Fair Fares NYC yo ap ede ou ranpli aplikasyon w lan. Al gade nan www.nyc.gov/fairfares epi klike sou '[Contact Us \(Kontakte Nou\)](#)' pou jwenn yon lis biwo Fair Fares NYC. Ou kapab rele 311 tou pou jwenn plis enfòmasyon.

[Retounen Anwo](#)

13. Mwen resevwa lèt mwen nan yon Bwat Postal Jeneral. Kijan mwen kapab resevwa Fair Fares MetroCard mwen an?

Si yo aksepte demann oswa renouvèlman ou a epi w ap itilize yon Bwat Postal Estanda ki anndan 5 awondisman Vil New York yo pou w resevwa lèt, n ap voye kat Fair Fares NYC MetroCard ou a pou ou nan adrès Postal ou.

[Biwo Fair Fares NYC yo](#)

Lendi rive Vandredi, soti 8:30AM rive 5PM (Yo fèmen jou konje)

[Retounen Anwo](#)

14. Kijan pou m mete adrès postal mwen ajou?

Tanpri, ale sou nyc.gov/accessfairfares pou mete adrès postal ou ajou.

[Retounen Anwo](#)

15. Yo refize aplikasyon mwen pou Fair Fares. Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Yo ka refize aplikasyon w lan si ou pa ranpli kondisyon pou w elijib pou pwogram lan. Ou ka ale sou www.nyc.gov/accessfairfares pou ou wè rezon ki fè yo refize aplikasyon an. Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou Fair Fares NYC. Si ou panse nou te fè yon erè, tanpri ale nan yon biwo Fair Fares NYC, oswa rele 311 pou mande yo egzamine aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

Fason pou Soumèt Dokiman yo ak Lòt Kesyon Ki Gen Rapò ak yo

16. Ki dokiman mwen pral bezwen pou m verifye laj mwen, rezidans ak revni mwen nan Vil New York?

Tanpri, al gade nan [Lis Dokiman yo Sijere pou Fair Fares NYC a](#).

[Retounen Anwo](#)

17. Kijan pou m soumèt dokiman pou aplikasyon m lan?

Itilize Aplikasyon Mobil ACCESS HRA a pou telechaje dokiman yo pou Fair Fares NYC. Ale sou nyc.gov/ffdocs pou telechaje aplikasyon ACCESS HRA a, konekte ak kont ou an, epi soumèt dokiman w yo. Si ou pa kapab itilize aplikasyon mobil la, ou kapab vini nan yon biwo Fair Fares NYC epi jwenn èd pou telechaje dokiman ou yo.

[Retounen Anwo](#)

18. Mwen te eseye soumèt dokiman mwen yo, men sa pa te mache. Kijan mwen kapab jwenn èd?

Eseye dekonekte ak kont ou an epi konekte ankò. Li kapab pran jiska 15 minit pou dokiman yo parèt. Si ou toujou gen pwoblèm, ou kapab vini nan yon biwo Fair Fares NYC epi jwenn èd pou telechaje dokiman ou yo.

[Retounen Anwo](#)

19. Kijan pou m konnen si ou te resevwa dokiman mwen yo?

Konekte ak kont ou an ankò nan nyc.gov/accessfairfares pou tcheke ki dokiman yo toujou bezwen ak dat limit ou pou soumèt.

[Retounen Anwo](#)

20. Èske gen yon dat limit pou m soumèt dokiman m yo?

Ou gen 10 jou pou soumèt dokiman ou yo apre ou fin soumèt aplikasyon w lan. Konekte ak kont ou an nan nyc.gov/accessfairfares pou tcheke nan ki pwen aplikasyon w lan ye epi wè ki kantite tan ou rete pou soumèt dokiman ou yo.

[Retounen Anwo](#)

21. Kisa k ap rive si mwen pa soumèt dokiman mwen yo alè?

Si nou pa resevwa dokiman ou yo alè, ou ap bezwen soumèt yon nouvo aplikasyon.

[Retounen Anwo](#)

Fason pou itilize Fair Fares NYC MetroCard ou a

22. Èske yon fanmi m oswa yon zanmi m kapab sèvi ak Fair Fares NYC MetroCard mwen an?

Non. Fair Fares NYC MetroCard ou an se pou itilizasyon pèsònèl ou **sèlman**. Ou pa kapab pataje Fair Fares NYC MetroCard ou an ak fanmi w yo ni zanmi yo. Ou pa kapab vann kat la ni pase l pou vann okenn moun. Ou pa kapab prete okenn moun kat la. Yo konsidere vyolasyon règ sa a kòm move itilizasyon kat oswa yon fwòd epi sa pral lakòz yo sispann Fair Fares NYC MetroCard ou an pou 60 jou. Si ou pa respekte règ sa a yon dezyèm fwa, ou pral gen entèdiksyon anpèmanans nan Pwogram Fair Fares NYC a.

[Retounen Anwo](#)

23. Èske mwen kapab itilize Fair Fares NYC MetroCard mwen nan tout sistèm transpò piblik Vil New York yo?

Ou kapab itilize Fair Fares NYC MetroCard ou an nan metwo Vil New York yo ak otobis ki elijib yo. Ou **pa kapab** itilize li nan Otobis Eksprès MTA yo, Long Island Railroad, PATH, AirTrain, oswa Metro-North.

[Retounen Anwo](#)

24. Èske mwen kapab mete valè ak tan sou Fair Fares NYC MetroCard mwen an menm tan?

Wi. Wi, ou kapab ajoute valè ak tan sou Fair Fares NYC MetroCard ou an menm tan. Bwat pou pri kous otobis la oswa pòt daksè metwo a pral itilize peryòd trajè san limit la anvan. Depi peryòd trajè san limit pou yon semèn oswa san limit pou yon mwa a fini, bwat pou pri kous otobis la oswa pòt daksè metwo a ap kòmanse pran demi pri kous si gen valè sou kat ou an.

[Retounen Anwo](#)

25. Kijan mwen kapab renouvle enskripsyon mwen pou Fair Fares NYC?

Konekte ak nyc.gov/accessfairfares pou renouvle enskripsyon Fair Fares NYC ou.

[Retounen Anwo](#)

26. Kisa k ap pase si Fair Fares NYC MetroCard mwen an ap ekspire nan mwens pase 30 jou?

Tcheke dat ekspirasyon an sou do Fair Fares NYC MetroCard ou a.

Si Fair Fares MetroCard ou a ap ekspire nan mwens pase 30 jou:

- Ou ka anmezi pou ajoute valè pou pay-per-ride (trajè senp) oswa yon trajè san limit pou yon semèn
- Ou p ap kapab achte yon tarif trajè san limit pou yon semèn si kat ou an ap ekspire nan mwens pase 7 jou.
- Ou p ap kapab achte yon tarif trajè san limit pou yon mwa.

[Retounen Anwo](#)

Pèdi Elijibilite

27. Mwen te resevwa yon avi ki di enskripsyon mwen an ap fini paske mwen pa elijib ankò epi mwen panse te gen yon erè. Ak ki moun mwen kapab pale?

Ou ka pèdi elijibilite ou si ou pa ranpli kondisyon pou w elijib nan pwogram lan ankò. Ou ka ale sou www.nyc.gov/accessfairfares pou wè rezon ki fè ou ka pèdi elijibilite w. Avi ou te resevwa a eksplike rezon ki fè ou pa elijib pou Fair Fares NYC ak dat rabè w la pral fini. Si ou panse nou te fè yon erè, tanpri ale nan yon biwo Fair Fares NYC, oswa rele 311 pou mande yo egzamine aplikasyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

28. Konbyen tan mwen genyen pou m mande yo egzamine desizyon ki pran sou elijibilite mwen?

Ou dwe mande yon egzamen nan espas 14 jou apre ou fin resevwa avi ki di enskripsyon w lan pral fini. Si nou pa tande ou, rabè w la pral fini nan dat ki endike nan avi w la.

[Retounen Anwo](#)

29. Kisa k ap pase si mwen resevwa yon avi ki di rabè Fair Fares NYC mwen an pral fini akòz move itilizasyon oswa aktivite fwòd?

Aprè yon premye move itilizasyon oswa aktivite fwòd, rabè Fair Fares NYC ou an pral sispann. Fair Fares NYC MetroCard ou a pral dezaktive, si w gen youn. Ou pral pèdi elijibilite ou pou Fair Fares NYC a, epi ou p ap kapab patisipe nan Fair Fares NYC pandan 60 jou. Ou dwe re-aplike apre swasant (60) jou yo fin pase epi yo dwe jwenn ou elijib pou ou kapab resevwa rabè Fair Fares NYC a ankò. Aprè yon dezyèm move itilizasyon oswa aktivite fwòd, ou pral diskalifye anpèmanans pou patisipe nan pwogram lan, epi si w gen yon Fair Fares NYC MetroCard, li pral dezaktive. Ou kapab rele 311 si ou gen kesyon.

[Retounen Anwo](#)

Kat ki Pèdi oswa yo Vòlè

30. Kisa pou m fè si Fair Fares NYC MetroCard mwen an pèdi oswa yo vòlè li?

Konekte ak kont ou an nan nyc.gov/accessfairfares epi klike sou 'Report FFNYC MetroCard Lost or Stolen (Siyale FFNYC MetroCard ki Pèdi oswa yo Vòlè)'. Suiv enstriksyon yo sou ekran an pou di kat ou a pèdi oswa yo vòlè li. Ou kapab rele 311 tou pou di kat ou a pèdi oswa yo vòlè li. Yo voye enfòmasyon sa yo bay NYC Transit (NYCT). NYCT ap anile kat la. Ou pral resevwa yon nouvo Fair Fares NYC MetroCard pa lapòs nan 2-3 semèn apre ou fin deklare kat ou a pèdi oswa yo vòlè li depi ou elijib toujou pou Fair Fares NYC.

[Retounen Anwo](#)

31. Kijan pou m mande yon ranbousman si kat mwen an pèdi oswa si yo vòlè li?

Aprè w fin konekte ak kont ou an nyc.gov/accessfairfares oswa ou rele 311 pou deklare kat ou pèdi oswa yo vòlè li, rele NYC Transit (NYCT) nan 511 pou mande yon ranbousman pou Fair Fares NYC MetroCard San limit 30 Jou ou achte avèk yon kat debi, kredi, oswa EBT. Sa ap kòmanse pwosesis ranbousman an pou nenpòt kantite jou ki rete sou kat la.

NYCT **pa** bay ranbousman pou:

- okenn Fair Fares NYC MetroCard ou achte avèk lajan kach, epi
- pou Fair Fares NYC MetroCard Trajè San Limit 7 Jou oswa Pay-Per-Ride (pèman trajè senp) ki pèdi oswa yo vòlè.

Se sèlman Fair Fares NYC MetroCard San limit 30 Jou ou achte avèk yon kat debi, kredi, oswa EBT ki elijib pou yon ranbousman. Ou dwe rele NYCT nan 511 anvan fen peryòd trajè san limit 30 jou a pou w kalifye pou yo egzamine ranbousman an.

NYCT egzamine kont kat la, epi li kalkile ranbousman an apati dat ou rele 511 lan pou mande yon ranbousman pou kat ou ki pèdi oswa yo vòlè. Si gen jou ou pa te itilize nan kat la, NYCT pral ba ou kredi pou yo sou kat kredi, debi, oswa kat EBT ou pou tout jou ki rete yo nèt. Nan kèk sikonstans, si ou te peye avèk yon kat debi, NYCT ap voye yon chèk pou montan ranbousman an nan adrès pwogram Fair Fares NYC a genyen pou ou an. Ou p ap kapab resevwa yon ranbousman si ou te fè de (2) rapò oswa plis anvan sa nan NYCT nan yon ane sivil pou MetroCard ki pèdi oswa yo vòlè. Y ap retire yon frè administratif \$5 nan ranbousman an si yo travay sou yon dezyèm reklamasyon.

Retounen Anwo

32. Konbyen fwa mwen kapab ranplase Fair Fares NYC MetroCard mwen ki pèdi oswa yo vòlè?

Ou kapab ranplase Fair Fares NYC MetroCard ou ki pèdi oswa yo vòlè yon fwa sèlman pou chak ane sivil.

Sèvi ak tablo sa a pou ede ou sonje si ou kapab resevwa yon ranbousman oswa yon kat ranplasman si Fair Fares NYC MetroCard ou a pèdi oswa si yo vòlè li.

Fair Fares NYC - PWOSESIS RANBOUSMAN POU KAT KI PÈDI OSWA YO VÒLÈ			
FAIR FARES METROCARD	LAJAN KACH	KREDI/DEBI/EBT	RANPLASMAN KAT
Pay-Per-Ride (pèman trajè senp)	NYCT p ap bay ranbousman pou okenn Fair Fares NYC MetroCard ou peye avèk lajan kach.	NYCT p ap bay ranbousman.	Yon fwa sèlman pou chak ane sivil. Ou ka jwenn yon ranplasman nan youn nan 2 fason yo: – nan lapòs nan 2-3 semèn; OSWA – nan nenpòt biwo Fair Fares NYC nenpòt lè apre 5 jou ouvrab apati dat ou deklare li pèdi a oswa yo vòlè li a
Fair Fares MetroCard San Limit 7 Jou		NYCT p ap bay ranbousman.	
Fair Fares MetroCard San Limit 30 Jou		Pwogram Pwoteksyon Rès Kòb NYCT (Balance Protection Program, BPP) ap apwouve ranbousman pou Fair Fares MetroCard 30 Jou ki achte avèk kat kredi, kat debi, oswa kat EBT	

Retounen Anwo

Kat ki Abime, Ki Pa p Fonksyone, oswa ki Pèdi nan Distribitè Otomatik MetroCard la

33. Fair Fares NYC MetroCard mwen an abime oswa li pa fonksyone. Kisa pou m fè?

Ale nan yon biwo Fair Fares NYC pou remèt yon Fair Fares NYC MetroCard ki abime oswa ki pa fonksyone. Lè ou remèt kat abime ou an, Fair Fares NYC ap ba ou yon kat ranplasman. Kat ranplasman ou an p ap gen okenn lajan sou li.

Ou pa bezwen pran okenn mezi pou ou resevwa yon ranbousman. NYC Transit (NYCT) ap verifye pou li detèmine montan ranbousman an, si genyen.

Si ou elijib pou resevwa yon ranbousman epi ou te achte aksè ou an avèk yon kat kredi oswa kat EBT, NYCT ap bay yon kredi nan kat kredi oswa kat EBT ou an. Si ou te peye avèk lajan kach oswa yon kat debi, NYCT ap voye yon chèk nan lapòs pou kantite lajan ranbousman an ba ou nan adrès postal pwogram Fair Fares NYC genyen pou ou.

Retounen Anwo

34. Fair Fares NYC MetroCard mwen an te pèdi nan yon Distribitè Otomatik MetroCard. Kisa pou m fè?

Konekte ak kont ou an nan nyc.gov/accessfairfares epi klike sou 'Report FFNYC MetroCard Lost or Stolen (Siyale FFNYC MetroCard ki Pèdi oswa yo Vòlè)'. Chwazi opsyon 'Lost in Machine (Pèdi nan Distribitè Otomatik)' pou di nou sa ki rive kat MetroCard ou a. Tanpri di nou nimewo Distribitè Otomatik MetroCard la si w genyen li. Ou kapab rele 311 tou pou di kat ou a pèdi nan yon distribitè otomatik. Yo voye enfòmasyon sa yo bay NYC Transit (NYCT). NYCT ap anile kat la. Ou pral resevwa yon nouvo Fair Fares NYC MetroCard pa lapòs nan 2-3 semèn apre ou fin deklare kat ou a pèdi oswa yo vòlè li depi ou elijib toujou pou Fair Fares NYC.

Retounen Anwo

Renouvèlman

35. Konbyen fwa mwen bezwen renouvle enskripsyon Fair Fares NYC mwen an?

Ou dwe renouvle enskripsyon Fair Fares NYC ou an yon fwa pa ane. Ou dwe elijib nan moman renouvèlman an pou ou ka renouvle rabè Fair Fares NYC ou an.

Retounen Anwo

36. Èske yo pral fè mwen konnen ki lè mwen bezwen renouvle?

Wi. Nou pral voye yon avi nan lapòs ba ou lè li lè pou ou renouvle nan adrès postal ou te bay Fair Fares NYC a. Ou ka tcheke paj prensipal Fair Fares NYC ou pou jwenn mizajou epi konnen dat limit la nenpòt ki lè.

[Retounen Anwo](#)

37. Kijan pou mwen renouvle enskripsyon m nan pwogram Fair Fares NYC a?

Ale sou nyc.gov/fairfares pou renouvle sou entènèt. Ou dwe toujou satisfè egzijans elijibilite Fair Fares NYC yo pou renouvle enskripsyon pwogram Fair Fares NYC w la.

[Retounen Anwo](#)

38. Èske gen yon dat limit pou m renouvle?

Wi, avi renouvèlman an ap endike dat limit ou pou renouvle. Si ou pa renouvle anvan dat limit la, ou kapab soumèt yon nouvo aplikasyon. Tcheke paj dakèy Fair Fares NYC ou pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon w lan.

[Retounen Anwo](#)

39. Kisa k ap rive si mwen rate dat limit pou m renouvle a?

Si ou rate dat limit renouvèlman ou an, ou ap gen pou soumèt yon nouvo aplikasyon. Poutèt sa, nouvo MetroCard ou ka rive apre sa w genyen kounye a ekspire oswa pral gen yon peryòd san rabè nan kont Access-A-Ride ou a.

[Retounen Anwo](#)

40. Kijan pou m konnen si mwen toujou kalifye pou Fair Fares NYC?

Ale sou nyc.gov/fairfares pou wè si w elijib. Ou dwe toujou satisfè egzijans elijibilite Fair Fares NYC yo pou renouvle enskripsyon pwogram Fair Fares NYC w la.

[Retounen Anwo](#)

41. Kijan pou m mete adrès mwen ajou, oswa nenpòt enfòmasyon ki te chanje ane pase?

Ou kapab mete adrès postal ouajou sou entènèt nenpòt ki lè nan kont ou. Ou kapab mete lòt enfòmasyon sou pwofil la ajou lè ou soumèt renouvèlman ou sou nyc.gov/fairfares.

[Retounen Anwo](#)

42. E si nouvo adrès mwen an pa nan Vil New York?

Se sèlman moun ki abite nan Vil New York ki elijib pou Fair Fares NYC.

[Retounen Anwo](#)

43. Ki dokiman mwen bezwen pou mwen soumèt aplikasyon renouvèlman mwen an?

Tanpri, ale gade nan lis egzijans dokiman an sou [sit entènèt](#) Fair Fares NYC.

[Retounen Anwo](#)

44. Kilè mwen pral resevwa yon nouvo Fair Fares NYC MetroCard?

Si ou renouvle alè epi ou toujou elijib, ou pral resevwa yon nouvo Fair Fares NYC MetroCard anvan ansyen FFNYC MetroCard ou a ekspire.

[Retounen Anwo](#)

45. Èske mwen pral kapab kontinye sèvi ak Fair Fares NYC MetroCard aktyèl mwen an depi yo apwouve aplikasyon renouvèlman mwen an, si mwen poko resevwa nouvo kat la?

Wi. Ou pral kapab kontinye itilize Fair Fares NYC MetroCard ou gen kounye a jiskaske li ekspire. Ou kapab jwenn dat ekspirasyon an sou do kat la.

[Retounen Anwo](#)

Kat ki Ekspire

46. Kijan pou m konnen lè MetroCard mwen an ekspire?

Ou kapab jwenn dat ekspirasyon an anlè sou do kat la.

[Retounen Anwo](#)

47. Èske mwen kapab itilize yon MetroCard ki ekspire si gen lajan sou li toujou?

Non, MetroCard la pa p ka sèvi aprè dat ekspirasyon an. Asire ou ke ou tcheke dat ekspirasyon an anvan ou mete lajan sou kat ou. Ou pral gen pou mande yon ranbousman si gen lajan ki rete sou kat la, donk planifye davans epi ajoute sèlman sa ou ka itilize anvan dat ekspirasyon an.

[Retounen Anwo](#)

48. Kijan pou mwen mande yon ranbousman pou nenpòt lajan ki rete sou FFNYC MetroCard mwen an ki ekspire?

Si ou gen lajan ki rete sou kat ou a lè li ekspire, ou ka pote li nan nenpòt biwo Fair Fares NYC. NYC Transit (NYCT) dwe resevwa MetroCard ki soti nan DSS nan espas de (2) lane apati dat ekspirasyon ki sou do MetroCard ou. Nou pral fè NYCT konnen nou gen kat ou an epi yo pral detèmine kantite lajan ranbousman an, si genyen. Tanpri pa remèt/pa voye MetroCard ou a nan lapòs bay NYCT. Lè ou fè sa, sa pral retade pwosesis ranbousman w lan. Si ou elijib pou resevwa yon ranbousman epi ou te achte aksè ou an avèk yon kat kredi oswa kat EBT, NYCT ap bay yon kredi nan kat kredi oswa kat EBT ou an. Si ou te peye avèk lajan kach oswa yon kat debi, NYCT ap voye yon chèk nan lapòs pou kantite lajan ranbousman an ba ou nan adrès postal pwogram Fair Fares NYC genyen pou ou.

[Retounen Anwo](#)

49. Èske lajan ki sou Fair Fares NYC MetroCard mwen an kapab transfere sou MetroCard ranplasman mwen an?

Non. Ou pa kapab transfere lajan ki sou Fair Fares NYC MetroCard aktyèl sou nan nouvo kat ou a. Ou dwe remèt kat ou a nan yon biwo Fair Fares NYC pou mande yon ranbousman.

[Retounen Anwo](#)

50. Èske mwen kapab transfere lajan ki sou yon MetroCard regilye nan Fair Fares MetroCard mwen an?

Non, li pa posib pou transfere lajan ki nan sou yon MetroCard regilye sou yon Fair Fares NYC MetroCard.

[Retounen Anwo](#)

51. Èske distribitè otomatik oswa kyòs MTA a pral mande m chanje Fair Fares NYC MetroCard mwen an si l ap ekspire byento, tankou li fè ak MetroCard regilye yo?

Non. MetroCard Fair Fares NYC yo la espesyalman pou ou epi se sèl pwogram Fair Fares NYC a ki kapab bay yo.

[Retounen Anwo](#)

52. Èske mwen ka pote toude Fair Fares NYC MetroCard yo, sa ki ekspire a ak nouvo an bay Ajan Kyòs la pou li transfere rès kòb la?

Non. Ajan kyòs yo pa kapab transfere lajan pou FFNYC.

[Retounen Anwo](#)

53. Èske mwen oblije remèt Fair Fares NYC MetroCard ki ekspire a?

Non, ou SÈLMAN bezwen remèt MetroCard la nan yon biwo Fair Fares NYC si ou bezwen yon ranbousman. Ou dwe prezante yon demann ranbousman nan 2 lane oplita apre dat ekspirasyon kat la.

[Retounen Anwo](#)

54. Èske mwen kapabajoute yon aksè san limit chak semèn oswa chak mwa sou MetroCard mwen an si li prèske ekspire?

Si MetroCard ou ap ekspire nan mwens pase 30 jou, distribitè otomatik oswa kyòs MTA a pa pral kite ou ajoute yon aksè chak mwa san limit sou kat ou a. Si kat ou ap ekspire nan mwens pase 7 jou, distribitè otomatik oswa kyòs MTA a pa pral pèmèt ou mete yon aksè chak semèn san limit sou kat ou.

[Retounen Anwo](#)

Tanpri, rele 311 si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwogram Fair Fares NYC a. Ou kapab ale tou sou nyc.gov/fairfares pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Fair Fares NYC a.